

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan nu dilaksanakeun di kela IX-D SMP Negeri 19 Bandung taun ajaran 2010/2011 mangrupa data hasil Panalungtikan Tindakan Kelas anu dilaksanakeun dina dua siklus, nya éta siklus I jeung siklus II. Tina hasil déskripsi jeung analisis hasil panalungtikna nu geus dilaksanakeun bisa dicindekkeun yén modél ramat lancan bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa. Sangkan leuwih jéntré, ieu dihandap baris diécéskeun deui ngeunaan kacindekan hasil ieu panalungtikan.

- 1) Prak-prakan kagiatan pangajaran anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan geus nimbulkeun parobahan anu signifikan kana ngaronjatna kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi. Ngaliwatan kagiatan pangajaran anu dilaksanakeun ngagunakeun modél ramat lancan, katitén pikiran siswa leuwih jembar dina nangtukeun téma jeung néangan bahan pikeun nulis karangan éksposisi, jadi henteu aya deui bangbaluh dina nangtukeun téma jeung néangan bahan nulis karangan éksposisi.
- 2) Modél ramat lancan bisa ngaronjatkeun hasil diajar nulis karangan éksposisi siswa. Ieu hal bisa katitén tina ningkatna hasil diajar siswa. Kamampuh hasil diajar siswa ningkat ti mimitit tés pra-panalungtikan, tés siklus I jeung tés siklus II. Hasil diajar dina pra-

panalungtikan nya éta 6 urang atawa 24% asup kana kategori tuntas, sarta 19 urang atawa 76% asup kana kategori can tuntas. Rata-rata peunteun anu dihontal ku siswa nya éta 70,1. Dina tés siklus I nya éta 16 urang atawa 64% asup kana kategori tuntas, sarta 9 urang atawa 36% asup kana kategori can tuntas. Rata-rata peunteun anu dihontal ku siswa nya éta 80,3. Ari hasil diajar siswa dina tés siklus II nya éta sakabéh siswa atawa 25 urang asup kana kategori tuntas. Rata-rata peunteun anu dihontal ku siswa dina siklus II nya éta 87,8.

- 3) Modél ramat lancang bisa nyiptakeun suasana diajar anu PAKEM (Pangajaran Aktip, Kréatip, Épéktip jeung *Menyenangkan*). Ieu hal katitén dina partisipasi jeung aktipitas siswa ngaronjat dina tiap siklus. dina siklus I, siswa geus mimiti aktip dina méré sawangan pikeun nangtukeun téma karangan, tapi dina ieu siklus aya sababaraha siswa anu poho kana matéri pelajaran anu rék dijadikeun bahan nulis karangan. Lian ti éta kagiatan pangajaran ogé dilaksanakeun sacara éféktip, sabab dina nangtukeun téma pikiran siswa geus leuwih jembar jadi dina prak-prakan nyieun karangan bisa dilaksanakeun leuwih gancang. Dina siklus II, siswa bisa leuwih aktip dinanyieun karangan, siswa geus boga bekel pikeun nangtukeun naon waé nu rék ditulis, sabab siswa geus nyaho arahan dina nulis karangan jeung geus nyiapkeun bahan anu maksimal. Tangtuna ogé lantaran kasiapan siswa éta kagiatan pangajaran bisa keuwih épéktip jeung éfésién.

## 5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél ramat lancah, aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun minangka rékoméndasi tina ieu panalungtikan.

- 1) Dina kagiatan pangajaran guru kudu leuwih bisa ngondisikeun kayaan siswa. Guru kudu bisa gancang tanggep dina ngungkulan sagala parobahan siswa.
- 2) Pamilihan modél pangajaran kudu bener-bener diperhatikeun. Guru kudu bisa néangan modél pangajaran anu épéktip jeung krétip dina kagiatan pangajaran. Modél ramat lancah dipiharep jadi salasahiji alternatif pamilihan modél pangajaran dina pangajaran nulis karangan éksposisi.
- 3) Dina pamilihan bahan ajar guru kudu leuwih jembar néangan, bahan anu dijadikeun idéalna nu leuwih deukeut jeung lingkungan siswa diajar pikeun ngababarikeun siswa jeung ngabasajan keun konsép.